


Mutungamiri Henry B. Eyring

Mutevedzeri Wekutanga
muHutungamiri Hwekutanga



Runyararo muUpenyu Huno

Kwatiri tose avo vakauya muupenyu huno hwenyama, Muponesi akati, “Panyika munotambudzika” (Johane 16:33). Asi Akapa vimbiso inoshamisira iyi kuvadzidzi Vake munguva yeushumiri hwake hwepanyika: “Ndinokusiyirai rugare, ndinokupai rugare rwangu; handikupiyi sokupa kwenyika” (Johane 14:27). Inyaradzo kuziva kuti vimbiso iyi yerunyararo rwako pachako inoenderera mberi kuvadzidzi Vake vose nhasi.

Vamwe vedu tinogara munzvimbo dzakanaka uye dzine runyararo, asi tiri kusangana nemanzwiro edu pachedu emhirizhonga yemukati memwoyo. Vamwe vanonzwa runyararo nekugadzikana kwakanyatsonaka munguva dzekurasikirwa kukuru kwavo pachavo, dzetsaona, nedzveziedzo zvinoramba zvichienderera mberi.

Ungangodai wakaona chishamisira cherunyararo pachiso chemudzidzi waJesu Kristu kana kuchinzwa mumazwi ake. Ndakachiona nguva dzakawanda. Dzimwe nguva maiva mumupanda wechipatara pane mhuri yakaungana yakakomberedza muranda waMwari avapadyo nerufu.

Ndinoyeuka ndichishanyira mumwe mudzimai muchipatara mazuva mashoma asati afa nechirwere chegomarara. Ndakanga ndauya nevanasikana vangu vadiki vaviri kuti vandiperekedze nokuti sisita uyu akanaka akange ari paneimwe nguva mudzidzisi wavo wePuraimari.

Nhengo dzemhuri yake dzakanga dzakaungana dzakakomberedza mubhedha wake, vachida kuva naye munguva dzake dzekupedzisira asati afa. Ndakashamisika apo paakamuka kugara mumubhedha. Akatendekera kuvanasikana vangu uye akavasuma vese, mumwechete nemumwechete, kunhengo yega yega yemhuri yake. Akataura sekunge

vanasikana vangu vakanga vari vehumambo vaisumwa panhandare yamambokadzi. Akawana nzira yekutaura chimwe chinhu pamusoro pekuti munhu wega wega aiva mumupanda aivesei mudzidzi weMuponesi. Ndichiri kuyeuka simba, unyoro, nerudo zvaiva muizwi rake. Uye ndinoyeuka ndichishamisika nekunyemwerera kune rufaro kwake kunyange apo paaiziva kuti akanga achizofa munguva pfupi.

Akanga agashira maropafadzo ehupirisita enyaradzo, asi akagoverana nesu tose uchapupu nenzira yemararamiro aaita hwekuti vimbiso yaIshe yerunyararo ndeyechokwadi: “Ndakareva izvozvi kwamuri, kuti muve nerugare mandiri. Panyika munotambudzika, asi tsungai mwoyo, ini ndakakunda nyika” (Johane 16:33).

Akangaatambira kukoka Kwake, uye tinokwanisa tose kutambira kukoka Kwake, zvisinei nezviedzo kana zvine-tso zvedu:

“Huyai kwandiri, imi mose makaneta, makaremerwa, ini ndichakuzorodzai.

“Muisse joko rangu pamusoro penyu, mudzidze kwandiri; nokuti ndiri munyoro, ndinomoyo unozvininipisa: kuti muwane zororo pamweya yenyu” (Mateo 11:28–29).

Kuburikidza chete nekutevera Muponesi kunoita kuti ani nani wedu akwanise kuwana runyararo nekudzikama muzviedzo zvichauya kwatiri tose.

Minamoto yesakaramende inotibatsira kuziva mawaniro erunyararo irworwo patinosangana nematambudziko eupe-nyu. Apo patinotora sakaramende, tinokwanisa kuvimbisa kuva vakatendeka kuzvibvumirano zvedu zvekuMutevera.

Tinovimbisa mumwe nemumwe kugara tichiyeka Muponesi. Unokwanisa kusarudza kuMuyeuka nenzira inonyatso

swededza mwoyo wako kwaAri. Dzimwe nguva kwandiri, kunova kuMufungidzira akapfugama muBindu reGetsemani kana kuMuona achidaidza Razaro kuti abude mubwiro. Apo pandinofungidzira izvi, ndinonzwa kuva padyo Naye uye neketenda kunounza runyararo kumwoyo wangu.

Unovimbisawo kuchengeta mirairo Yake. Unovimbisa kutora zita Rake pauri uye nekuva mupupuri Wake. Anovimbisa kuti apo paunochengeta zvibvumirano zvake Naye, Mweya Mutsvene unozova newe. (OnaD&Z 20:77, 79).

Izvi zvinounza runyararo munzira dzingaita mbiri. Mweya Mutsvene unotichenesa kubva muzvivi nokuda kweRudzikinuro rwaJesu Kristu; Uye Mweya Mutsvene unokwanisa kutipa runyararo rwunouya kubva pakuva nemvumo yaMwari netariro yeupenyu husingaperi.

Muapositora Pauro akataura nezveropafadzo rinoshamisa iri: “Zvino chibereko choMweya ndirwo rudo, nomufaro, norugare, nomwoyo murefu, nomwoyo munyoro, nokunaka, nokutendeka” (VaGaratia 5:22).

Apo vatumwa vedenga pavakazivisa kuzvarwa kweMuponesi, vakazivisa vachiti, “Mwari ngaarumbidzwe kumosoro-soro, uye pasi *ngapave norugare*” (Ruka 2:14: kusimbiswa kwakawedzerwa). Ndinopa uchapupu semupupuri waJesu Kristu kuti Baba neMwanakomana Wavo Anodikanwa vanokwanisa kutumira Mweya kutibvumira kuti tiwane runyararo muupenyu huno, pamiyedzo ipi neipi inga uye kwatiri nekune avo vatinoda.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Mutungamiri Eyring vanodzidzisa kuti minamoto yesakaramende inokwanisa kutibatsira kuziva mawaniro erunyararo munguva dzezviyedzo zvedu. Inotiyechidza kuti apo patinochengeta zvibvumirano zvedu, tinevimbiso yaMwari yekuti Mweya Mutsvene unozova nesu. Funga kubvunza avo vamunodzidzisa kuti kuva neMweya Mutsvene uinesu kunokwanisa kutibatsira sei kuti tive nerunyararo. Unokwanisawo kugovera pfungwa dzako kana chiitiko chemabatsirirwo awakaitwa neMweya Mutsvene kunzwa runyararo muchiedzo. Ungangokwanisa kukurudzira avo vamunodzidzisa kuti vafungisise shoko rino panguva yesakaramende svondo rino.

© 2016 ne Intellectual Reserve, Inc. Ndiyo chete inekodzero dziripamutemo dzekushandiswa kwechinyorwa chino. Chakadhindwa muUSA. Mvumo yeMucharungu: 6/16. Mvumo yedudziro 6/16. Dudziro ye *First Presidency Message*, December 2016. Shona. 12872 731

VECHIDIKI

Ucharangarira Sei Muponesi Svondo Rino?

Mutungamiri Eyring vanotikurudzira “kusarudza kuyeuka [Muponesi] nenzira inonyatso swededza mwoyo wako kwaAri.”

Uno “Muyeuka nguva dzose” sei musvondo rose (D&Z 20:77, 79)?

Une zvinyorwa zvitsvene zvaunodisisa here pamusoro peMuponesi? Unokwanisa kuisa mucherechedzo pachinyorwa chitsvene chakasiyana zuva rega rega svondo rino uye wochigoverana nemumwe munhu.

Unoimba here rumbo rwechechi kana rumwe rumbo runokurudzira mupfungwa mako apo paunenge uchinzwa wakasuwa? Zvichida sarudza rumwe rwakanangana neMuponesi svondo rino.

Unofungisira here nezveupenyu hweMuponesi uye nepamusoro pemupiro werudzikinuro panguva yesakaramende svondo rega rega? Ungangokwanisa kugadzirira sakaramende nekuyeuka sarudzo dzako dzemusvondo rese dzekugara uchiyeuka Muponesi uye kutendeuka panguva dzawakanetseka kuita izvi.

Unonamatira here mikana yekugovera vhangeri zuva rega rega? Edza kuva nehurukuro yevhangeri svondo rino inonanga paMuponesi. Unokwanisa kupa uchapupu hwako hweMuponesi panguva yemhuri pamba manheru kana kutaura kushamwari yekuchikoro pamusoro pechiitiko chawakava nacho kuchechi.

Ita chinangwa chekuyeuka Muponesi nenzira yakakosha svondo rino. Taurira mubereki, mukoma, muni’ni kana hanzvadzi, mutungamiri, kana shamwari pamusoro pechinangwa chako. Pakupera kwesvondo, vaudze zvakaitika. Mese munozonzwa runyararo nerufaro zvakataurwa nezvazvo neMutungamiri Eyring.

VANA

Uyai kuna Kritsu

Muponesi akativimbisa runyararo apo “patinouya [kwaAri]” (Mateo 11:28). Izvi zvinoreva kutevera muenzaniso Wake nekuedza kugara tiri padyo Naye.

- Iva neruremekedzo munguva dzesakaramende.
- Sarudza kuva nemutsa uye usatongera vamwe.
- Verenga nezveMuponesi mumagwaro matsvene.



Rufaro rweMhuri Runowanikwa muUrurami

Nemunamato dzidza chinyorwa chino uye wotsvaga femero yekuziva izvo zvekugovera. Kunzwisisa "Mhuri: Chiziviso kuNyika" kunozowedzera sei rutendo rwako muna Mwari nekupafadza avo vaunotaririra kuburikidza nedzidziso yekushanyirana? Kuwana rumwe ruzivo, enda ku reliefsociety.lds.org.

Rutendo, Mhuri, Rubatsiro

Mwari “vakamisa mhuri kuti-
nzira rufaro, kutibatsira kudzi-
dza misimboti kwayo munzvimbo
inerudo, uye nekutigadzirira kune
zveupenyu husingaperi.”¹ Vachitau-
ra pamusoro “peChirongwa chikuru
cherufaro” chaMwari (Aruma 42:8),
Mutungamiri Russell M. Nelson,
Mutungamiri weChikwata cheVaa-
positora vaneGumi neVaviri, vakati:
“Chirongwa chavo chinozivisa kuti
varume nevakadzi varipo ‘kuti
vave norufaro’ [2 Nifai 2:25]. Rufaro
irworwo runouya apo patinosaru-
dza kurarama mukuyanana nechiro-
ngwa chekusingaperi chaMwari.”²

Imba yakamisirwa pana Kristu
inopa mikana mikuru-kuru kwa-
zvo yekubudirira. Gosa Richard G.
Scott (1928–2015) veChikwata
cheVaapostora vaneGumi neVaviri
vanoitsanangura senzvimbo “iyo
inodzidziswa vhangeri, inochenget-
wa zvibvumirano, uye izere neru-
do,” iyo inoita kuti mhuri ikwanise
kurarama “upenyu hwekuteerera”
uye igova “yakadzikwa zvakasimba
muvhangeri raJesu Kristu.”³

Mutungamiri Henry B. Eyring,
Mutevedzeri Wekutanga muHu-
tungamiri Hwekutanga, vakati:

“Tinokwanisa kusarudza kuti tino-
zoita zvose zvatinokwanisa kuunza
pasi masimba ekudenga mumhuri
[dzedu].” Uye tinogona kuva vano-
kurudzira rudo, kushandira, kute-
erera, nerufaro mudzimba dzedu
nekunzwa “[kwevana vedu] shoko
raMwari uye vachizoriedza muku-
tendeka. Kana vakadaro, hunhu
hwavo hunozoshandurwa nenzira
inounza rufaro rwavanotsvaga.”⁴

Dzimba Dzakamisirwa Pana Kristu

Tine mienzaniso yakanaka
yedzimba dzakamisirwa pana Kristu
mumagwaro matsvene. Mushure
mekunge baba vake, Rihai, vafa,
Nifai akatora mhuri yake nevamwe
vaitenda muyambiro nezvaka-
zurwa zvaMwari uye nevaiterera
kumazwi aNifai kubva munyika
yeMaramani. Munzvimbo itsva iyi,
maNifai aikwanisa kuchengeta
utongi, mitemo, nemirairo yaShe
muzvinhu zvose, maererano
nemutemo waMosesi (ona 2 Nifai
5:6–10). Asi kunyange pakati pema-
Nifai, vamwe pekupedzisira vakave
vasingateerere.

Uye kunyange nhengo dzemhuri
yedu dzichikwanisa dzimwe nguva

kurega kurarama muururami
sezvakaita maNifai, Gosa Scott
vakati imba yakamisirwa pana
Kristu inoramba “ichipa kusimbi-
sisa kukuru-kuru kwazvo kwe-
runyararo nedziviro mudzimba
dzedu.” Vakabvuma kuti “kucha-
ramba kuine zvinetso zvizhinji
kana marwadzo emwoyo mazhi-
nji, asi kunyange pakati pemhiri-
zhonga, tinokwanisa kunakirwa
nerunyararo rwemukati nerufaro
rwakadzama.”⁵

Zvimwe Zvinyorwa Zvitsvene

3 Johane 1:4 ; 1 Nifai 8:12;
2 Nifai 5:27

ZVIMWE ZVINYORWA

1. Ona *Handbook 2: Administering the Church* (2010), 1.1.4.
2. Russell M. Nelson, “Celestial Marriage,” *Liahona*, Mbudzi 2008, 92.
3. Richard G. Scott, “For Peace at Home,” *Liahona*, Kubvumbi 2013, 31.
4. Henry B. Eyring, “The Teachings of ‘The Family: A Proclamation to the World,’” *New Era*, Gonyana, 2015, 5, 6.
5. Richard G. Scott, “For Peace at Home,” 31.

Funga Izvi

Chii chatingaite kuti tirame
zvakananyanya kururama mumhuri
dzedu?